Казбек районалъул газета
# Чапар
Вестник

12+ № 43 (98946) 5 ноябрь 2021 с. / Рузман 1 РабигIул - ахир 1443 с./ багьа - эркенаб redakciya-chapar@mail.ru

## ПОЗДРАВЛЕНИЕ




История этого праздника берёт своё начало с 1715 года. Именно тогда Пётр I создал в России службу охраны общественного порядка и назвал её *«полицией»*, что в переводе с греческого означает *«управление государством»*. 10 ноября 1917 года для охраны порядка была создана рабочая милиция. Через полгода её отдали в введение государства.

1 марта 2011 года милиция была преобразована в полицию.

### *Уважаемые сотрудники и ветераны правоохранительных органов!*

***Поздравляем вас , работников внутренних дел, которые стоят на страже правопорядка, кто следит за неукоснительным соблюдением закона и справедливости, кто охраняет покой законопослушных граждан и являются грозой для преступников.***

***Желаем вам спокойных трудовых будней, никогда не терять хладнокровие и самообладание. Удачи вам во всём!***

***Глава МР «Казбековский район» Г.Г. МУСАЕВ***
***Председатель Собрания депутатов Г.М. ГИРИСХАНОВ***

## *ХIурматиял районцоял!*

*«ГIемерал гIелмаби лъалареллъун рукIинеги бегьула, амма, тарихги лъачIого, лъай бугеллъун рукIине рес гьечIо»*,-ян абун буго критик, публицист ва хъвадарухъан Н.Г. Чернышевскияс (1828-1889 сс.).

Гьел рагIабаз, цIакъ мухIкан, бихьизабула жамгIияб тарихалъулъ нилъер бугеб кIварги бакIги.

ВатIаналъул тарих лъазабиялъ халкъалъулъ бижинабула гьелде рокьи, гьеб цIуниялъе бахIарчилъи, гьелъ букIинабула цересел умумулгун бухьен, кумек гьабула лъазе ва бичIчIине нилъер гIумрудул байбихьи.

Гьедин букIиналъ, цIияб соналдаса байбихьун, *«Чапар»* газеталъул редколлегиялъе бокьун буго, *«Нилъер росабазул тарих»* рубрикаялда гъоркь, макъалаби риччазе.

Штаталда гьечIел мухбирзабазде, гIагараб ракьалъул тарих лъазабулезде, тарихалъул мугIалимзабазде ва мухъилал цIалдолезде нижер гьари буго нужерго росабазул тарихалъул хIакъалъулъ нижехъе хъваян.

## *Хъвай нилъерго гIагараб «Чапар»!*



Унеб буго 2022 соналъул тIоцебесеб бащдаб лъагIалие **«Чапар»** газета хъваялъул кампания.

Нужеца нижехъе рачIунел кагътал цIалулаго, нужер ишал нухде унел гьечIони, нижер ракIазулъе пашманлъи, рахIатхвей рещтIуна, гьез нужее лъикIал хIасилал кьолел ругони, ниж рохула.

Нужер лъикIал макъалаби, кучIдул ва цогидал материалал, нижеца цIунула архивалда гурелги, ракIазулъги, тIад- тIад руссунцин, цIалула гьенир рехсарал баянал ва хIужаби.

ХIаракат бахъула нужер бадичIваял ва гьариял хIисабалде росизе. Нуж гьечIони, нижер хIалтIи цебехунги унаро.

Кида газеталъул гьурмазде ралагьаниги, нужеда гьенир ратизе руго ракIал тIаде цIалел макъалабиги хIажатаб информацияги.

Гьединго, нужеда гьенир ратила лъималазе, гIолилазе ва ригь аразе малъахъваял, абиял, тарихиял баянал ва абундачал. **«Чапар»** хъвани, нуж лъугьина нижер гьитIинаб коллективалъул божарал гьудулзабилъун. Гьеб хъвазе бегьула почтаялъул росабалъ ругел отделениябазда.

***Багьа 322 гъурущ.***

***РЕДКОЛЛЕГИЯ***

## *Ленинаулалда хъилтIей ахиралде щвана*

Районцоязда лъалеб батила дагьал церегIан соназ Ленинаул росдал аслияб къотIнобе тIураб хъил, заман бахъилелде, пайда босиялдаса унеб ва гьеб цIи гьабиялъул суал росдал гIадамаз борхун букIараблъи. Гьеб бетIералде бахъинабиялъе квербакъана районалъул бетIер ХI.ХI. Мусаевас. ХъилтIеялъул суал тIаде босана « Нарт» гIуцIиялъ.

АбичIого гIоларо, нилъер районалъул цо-цо бакIаздаги (ИчкIа, Дилим ва гь.ц.) «Нарт» гIуцIиялъ гьарурал ва гьабсагIат Буртунай росулъ гьарулелги ругелги хIалтIабазе цогидал гIуцIабазул хIалтIабазде дандеккун, гIадамаз лъикIаб къимат кьунин.

ГIемераб заман гьоркьоб инелде, хъилтIей бетIералде бахъинабуна. Ленинаулалде щваразда бихьун батила



гьанже гьеб къотIноб бугеб ахIвал-хIал. ЛъикIаб качествоялда, тротуаралги лъун, хIадурараб нухдасан унелъул ракI бохула. Гьениб гьабураб хIалтIиялда разилъарал Ленинаул росдал гIадамаз ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабуна районалъул бетIер ХI. ХI. Мусаевасе ва «Нарт» гIуцIиялъе нух малъулезегун хIалтIухъабазе

ЖамагIаталъул рахъалдасан росдал бетIер Гъайирсултан Эсенбиевас районалъул бет1ерасухъе хъвалеб буго: **«ХIурматияв ХI. ХIажиевич. Дур гIумруялъул хIалбихьиялъ, бажаригун махщелалъ ва хIалтIудехун бугеб цIубараб бербалагьиялъ рес кьола цере чIарал захIматал масъалаби бетIералде рахъинариялъе. Гьедин букIиналъ гIадамазда гьоркьоб дур къадру-къиматги цIикIкIунеб буго. Рехсарал масъалаби тIуразаризе бугеб дур гъира-шавкъалъ квербакъула, къокъаб заманалда, гьел бетIералде рахъинаризе»**,-ян.

***НИЖЕР МУХБИР***

Гьаб номералда нужеца цIализе бегьула

гьум. 2 Мисалиял полициялъул хIалтIухъаби

гьум. 3 Ополченцазул данделъиялда...

гьум. 4 Мавлидазул моцI кIодо гьабуна

# 10 ноябрь-полициялъул хIалтIухъанасул Къо!

## Намусалда тIанкI лъечIеб гIумру

1919 соналда, ай, («хъахIаз» эмен чIвараб) гражданияб рагъул заманалда Алмахъ росулъа ГIабдулгъапурил букIана гIицIго 4 сон.

Амма гьесулги яц ПатIиматилги ургъел гIагарлъиялъ гьезул эбелалде ккезе ва гьезда бесдаллъи бихьизе толаро. ГIабдулгъапур кIудияв инсуца гIезавуна, ПатIиматил тIалаб - агъаз инсул вацас гьабула. Школа лъугIизабурабго, ГIабдулгъапур алмахъазул рекъарухъабазул комитеталде хIисабчилъун вачуна, хадусан, 1934 соналъ, росдал школалъул пионеразул вожатыйлъун тIамула. Лъабго соналдасайин абуни, гьев, жиндиего бокьун, БагIараб Армиялде хъулухъ гьабизе уна.

ТIубанго гIахьаллъи гьабуна БакътIерхьул Украиналда ва Белорусиялда гьарурал рагъулал сапаразулъ.1940 соналъ, армиялдаса тIадвуссун хадув, ГIабдулгъапурица жиндирго къисмат законал цIуниялъул органазда бухьинабула. Гьев хIалтIула НКВДялъул Казбек районалъул милициялъул оперативияв уполномоченныйлъун. Гьел сонал захIматал рукIана. 1942 соналда гIолохъанав милиционерас 11 уголовнияб дело рагIалде щвезабуна, 3 бидулас чи чIваялъул захIматаб такъсир тIатинабуна.

ГIабдулгъапур ГIабдулгъапуровасул хIалтIизе бугеб бажариги, жигарги, хIарakатги бихьун, 1945 соналъул июналда гьев районалъул милициялъул начальникасул заместительлъун тIамуна.

1946 соналъ милициялъул начальник 6 моцIалъ Москваялъул тIадегIанал курсазде цIализе индал, гьесул хIалтIи ГIабдулгъапурида тIадкъала.

ТIадегIанал гIуцIабазул халгьабиялъул рапорталда баян гьабулеб буго ГIабдугъапуровасул нухмалъиялда бугеб райотделалъ гьаб анлъго моцIалда 69 чи жавабчилъиялде цIарав 46 уголовнияб дело ахиралде щвезабунилан.

1949 соналда ГIабдулгъапуровасда божилъи гьабула Казбек районалъул милициялъул начальникасул жавабияб хIалтIи. Гьеб ишалъе тIолабго бажариги, жанги, къуватги кьун, гьев хIалтIула Салатавиялъул росабалъ



гIадлу-низам цIуниялда тIад. Гьеб цIакъго хIажатаб хIалтIуе ГIабдулгъапурица 28 сон кьуна.

ГIабдулгъапурил лъикIаб хIалтIуе нугIлъи гьабулел гIемерал мисалал рачине бегьула.

Цо нухалда районалъе нухмалъулезул данделъиялда Ленинаул росдал «Гьудуллъи» колхозалъул председатель милициялда гIайибал чIван кIалъана.

Гьес абула гьеб хашго хIалтIулеб бугин, такъсирал цIикIкIунел ругин ва гьел рагьизе гIурал тадбирал гьарулел гьечIин. Данделъиялда вукIарав республикаялъул вакил АхIмад Пакъаловас, кIалъалев вукIарав гьоркьовги къотIизавун, абула: *«Казбек районалъ ГIабдулгъапуровасе памятник базе ккола, районалда цо гIанкIу бикъаниги, цIогьор лъачIого гьев къижуларо»*, - ян. Гьелдаса тIадегIанаб къимат кинаб букIунеб?

ГIемерал рукIана ГIабдулгъапурил шапакъаталги. Гьесие кьуна *«БагIараб цIва»* орден, *«Кавказ цIуниялъе гIоло», «1941-1945 соназ КIудияб ВатIанияб рагъда бихьизабураб багьадураб захIматалъе гIоло», «Рагъулал хъулухъазе гIоло»*, тIоцебесеб даражая-лъул *«ТIад калам гьечIеб хъулухъалъе гIоло», «Бергьенлъиялъе – 20 сон», «Советияб милициялъе – 50 сон», «Бергьенлъиялъе – 30 сон», «Бергьенлъиялъе – 50 сон»* медалал, ДАССРалъул Верховнияб Советалъул Президиумалъул ХIурматалъул грамота, МВДялъул грамотаби, рукьалда ралел сагIтал ва цогидалги шапакъатал.

ХIалхьиялде аниги, милициялъул подполковник ГIабдулгъапуров хIалтIичIого чIечIо.

1966-1978 соназ гьес нухмалъи гьабуна ДОСААФалъул районалда бугеб комитеталъе. Кинаб хIалтIуда вукIаниги, жиндиего хасиятаб жигарчилъиялда, ГIабдулгъапурица гьеб гьабулаан. Гьедин цIияб хIалтIудаги гьес тIокIлъи бихьизабуна.

Гьелъие гIоло гьев ДОСААФалъул ЦКялъул гIадегIанаб шапакъаталъун кколеб *«Жигараб хIалтIуе гIоло»* каранда балеб гIаламаталъе мустахIикълъана.

ГIабдулгъапур Аллагьасул къадаралде щвана 1978 соналъул 27 июналда, вукъун вуго Дилим росулъ.

Гьес нахъа тараб гIумрудул нух шагьранухлъун букIинчIониги, гьеб намусалда тIанкI лъечIеблъун букIана, наслабиги ГIабдулгъапурица гьеб роцада куцана. Гуребани, инсул нухдасан ункъо вас инароан, хIажалъи ккарал салатавиялъулазе ратулелъунги рукIинароан.

МахIачхъалаялдаги Москваялдаги гьез кумек гьабурал гIемер руго.

## Мисалиял полициялъул хIалтIухъаби

### ГIабдухIалин Расулович ГIазизов



гьавуна 1963 соналъ Буртунай росулъ. Эменги тIад гьечIого, гьесул эбелалъ 8 лъимер гIезабуна. Гьелдасан бичIчIуна ГIабдухIалин, гьитIинаб къоялдаса байбихьун, захIматалъ лъадараравлъи ва гьесул гIумрудул нух гIатIидаб шагьранухлъун букIинчIеблъи. Росдал школа лъугIарав гьев Советияб Армиялъул мухъилъе ахIана.

1986-1992 соназ ГIабдухIалин Днепродзержинск шагьаралъул № 25 профессионалияб училищеялда мастерлъун хIалтIана, хадусан - гIагараб росдал школалда.

1997 соналъ гьев нилъер районалъул жанисел ишазул отделалде хIалтIизе лъугьана. 1998 соналдаса ГI. ГIазизовасда тIадкъана следователасул хIалтIи.

2000 соналъ ГIабдухIалиница ДГУялъул юридическияб факультет лъугIизабуна. 2007 соналдаса байбихьун, гьев тIадехун рехсараб отделалъул кIудияв следовательлъун хIалтIулев вукIана.

Росуцоязда, цадахъ хIалтIулезда ва гьевгун дандчIвараздаГIабдухIалин лъалаан ракIбацIцIадав, яхI-намус цIикIкIарав, тIаде босараб иш жавабчилъиялда тIубазабулев, чIахIиялгун ва гIисиналгун рагIи данде ккезабун бажарулев, сверухъ лъугьунеб бичIчIунев, ракIгIатIидав ва гIадамасулъ рукIине кколел лъикIал гIамалал чорхолъ рессарав инсанлъун. Гьединавлъун вукIиналъги батила, Аллагьас гьев жиндихъе вачаравги. Ахирияб заманалъ баккараб ва рекIкIаб унтиялъ (ковид) ГIабдухIалин нилъер мухъилъа вахъана.

Аллагьас гьесул мунагьал чураги.

### ХIусен ГIадильгереевич ГIадильгереев



ГIадлу – низам цIуниялъул хъулухъ (патрульно – постовая служба, ППС) ккола полициялъул жамгIияб гIадлу- низам цIуниялда тIад аслияб хIалтIи гьабулеб бутIалъун.

Жиб-жиб къоялъ, тIабигIиял шартIазухъ балагьичIого, гIадлу–низам цIунизе тIадехун рехсараб хъулухъалъул хIалтIухъаби районалъул бакIбакIазде рахъуна. 2016 соналдаса ППСалъул ротаялъул командирлъун хIалтIулев вуго полициялъул капитан ГIадильгереев ХIусен ГIадильгереевич. Гьев гьавуна 1972 соналъ Алмахъ росулъ.

1994 соналъ гьес лъугIизабуна Дагъистаналъул пачалихъияб университеталъул математикаялъул факультет. 1995-1996 соназ ХIусеница Россиялъул армиялда рагъулаб хъулухъ гьабуна. 1996-1999 соназ гьев Ленинаул росдал гьоркьохъеб школалда мугIалимлъун хIалтIана.

2001 соналдаса гьес полициялда хъулухъ гьабулеб буго.

Гьеб хъулухъалда ХIусеница живго бажари бугев, жавабчилъи цIикIкIарав хIалтIухъанлъун вихьизавуна, гьелъ, цадахъ хIалтIулезда гьоркьоб гьесул цIикIкIараб къиматги буго.

ГIемерал соназ ракIбацIцIад гьабураб хIалтIухъ гьев *«Рагъулаб бахIарчилъухъ» II ва III даражаялъул, «Хъулухъалда тIокIлъиялъухъ»* ва *«Рагъулал тунка – гIусиязул ветеран»* медалазе мустахIикълъана.

Гьединго ХIусен вуго чIухIи гьечIев, ракIжубарав, гIисиналгун ва чIахIиялгун рагIи рекъезабун бажарулев, жамгIияб хIалтIулъ жигараб гIахьаллъи гьабулев инсан.

Гьесул хьвада-чIвадиялъул рахъ босани, гьеб унго-унгояв магIаруласул букIине кколеб гIадинаб буго.

### Артур Даитбегович МухIамадов



гьавуна 1988 соналъ Дилим росулъ. 2012 соналъ гьес лъугIизабуна МахIачхъалаялъул финансазул ва ихтияразул институт. 2008 – 2009 соназ гьес Россиялъул армиялда рагъулаб хъулухъ гьабуна. 2011 соналъ хIалтIизе байбихьана гIадлу-низам чIезабиялъул хъулухъалда. 2013-2021 соназ хIалтIана уголовнияб розыскалъул уполномоченныйлъун.

Уголовныяб розыск ккола полициялъул хIалтIулъ бищунго захIматаб, хIинкъи бугеб, цIикIкIараб къуватги цIодораб гIакълуги хIажатаб хъулухълъун.

ГьабсагIаталда Артур уголовныяб розыскалъул отделалъул начальниклъун хIалтIулев вуго. РакIбацIцIад хъулухъ гьабиялъухъ гьев цо чанго нухалда батIи-батIиял шапакъатаздалъун кIодо гьавуна.

2011 соналъ Артур *«Севериияб Кавказалда рукIарал рагъулал тунка-хIусиязул гIахьалчи»* медалалъе мустахIикълъана.

### Исламодин Маулбегович ГIисаев



полициялда хIалтIизе лъугьана 2015 соналъул байбихьиялда гIадлу- низам чIезабиялъул хъулухъалде стажёрлъун. 2019 соналдаса гьев хIалтIулев вуго балугълъиялде рахинчIел гIолилазда гьоркьоб хIалтIи гьабиялъул инспекторлъун. Исламодиница хIалтIи гIуцIун буго школалгун, райадминистрациялда цебе бугеб балугълъиялде рахинчIел гIолилазда гьоркьоб хIалтIи гьабиялъул комиссиялъулгун, къаймилъи гьабиялъул отделгун щулияб бухьенги гьабун. Гьев кидаго щола профилактикаялъулаб хасаб хIисабалда ругел гIолилазул рукъове ва хал гьабула гьезул рукIа-рахъиналъул.

Исламодин камуларо школазда, культураялъул гIуцIабазда гIолилалгун тIоритIулел тадбиразда гьоркьоса. ТIаде босараб иш ракIбацIцIад, рагIа-ракьанде щун, тIубазабиялъухъ Исламодин цо чанго нухалда шапакъатаздалъун кIодо гьавуна.

*(Гъумер хIадур гьабуна Н. ИДРИСОВАС)*

# Ополченцазул данделъиялда...

Нилъеда лъала 1999 соналъул август-сентябралда Дагъистаналде чачаналъан халкъалдагъоркьосел ва законалде данде кколарел яргъид гІуцІарал лъугьун рукІараблъи ва гьезде данде халкъияб ополчение бахъараблъи. ЦолъунДагъистаналъул халкъ дандечІеялъ бандформированиял къокъаб заманалда щущахъ риххизаруна. Ополчениялъул, дол лъугьа-бахъиназул ва гьезул 20 сон тІубаялъул юбилей кІодо гьабиялъул хІакъалъулъ гІемер бицун ва хъван букІана.

Рехсараб юбилей кІодо гьабун, хадусанги доб заманалда хурхарал, рукІараллъугьа-бахъиназе, гьезулъ гІахьаллъаразул ишазе дагьалъ гІатІидаб баян кьурал макъалаби газеталда рахъун рукІана.




Дагъал церегІан къояз МахІачхъала шагьаралда тІобитІана **«1999 сонил Дагъистаналъул ополчениялъул данде гьабураб Союз»** ДРООялъул иргадулаб данделъи. Гьелъул халгьабиялде босун букІана рехсараб гІуцІиялъе нухмалъулел рищиялъул суал.

Данделъиялда кІалъана батІи-батІиял шагьараздаса ва районаздаса ополчениялъул командирзаби: ХІажимурад Давудов (Новолак), Муса Пазаев (Казбек), МухІамадрасул Минтаров (Болъихъ), ПумарасхІаб ГъазимухІамадов (ЦІумада), Джафар Халирбагимов (МахІачхъала), Айтимер Сатираев (Казбек), АхІмад Саламов (Гъизляр), МуртазгІали МуртазгІалиев (Болъихъ районалъул рагъулав комиссар), Сергей Ковалкин (Санкт - Петербург, предприниматель).

Гьез жидерго кІалъаязда бицана 1999 соналъ Дагъистаналде законалде данде кколарел яргъид гІуцІарал лъугьараб заманалда, Чачаназул Республикаялъулгун гІорхъабицоял ЦІумада, Болъихъ, Казбек, Новолак районазул гурелги, республикаялъул цогидал шагьаразул ва районазул гІадамалги, ярагъ кодобгун, гьачагъазде данде рахъиналъул, Россиялъул армиялъул къуватазул кумекалдалъун, гьачагъал нахъе чІваялъул ва ополченцаз гьел нахъе гъеялъулъ лъураб бутІаялъул.

Гьеб тадбиралда Дагъистаналъул ополчениялъул Союзалъул 60 чи гьоркьове вачараб Совет бищана. Советалъул данделъиялда Дагъистаналъул регионалияб жамгІияб гІуцІиялъул (Союз объединенного ополчения Дагестана 1999 года) президентлъун Памир МухІамадович Пазаев ва ХІурматияв президентлъун гьеб гІуцІиялъул цеве вукІарав президент МухІамад ПумархІажиев (Болъихъ) рищана.

**Э.ИДРИСОВ, ополченец**

***Инсан ва гІумру***

# ГІуцІарухъанлъиялъул нухда...



2020 ва 2021 соназ нилъер районалъе 90 ва Дагъистаналъе 100 сон тІубаялъул юбилеял кІодо гьаруна. Пемерал гІадамал руго нилъер района- лъул экономика цебетІезабиялъулъ ва гІадамазул рукІа-рахъин лъикІлъизабиялъулъ жидеца кІудияб бутІа лъурал.

Гьезул цоявлъун ккола ПабдулгІазиз МухІамадович МухІамадов. Гьев гьавуна 1930 соналъ Дилим росулъ. Гьес лъугІизабуна Хасавюрт шагьаралъул росдал магІишаталъул техникум, хадуб МахІачхъалаялда букІараб партиялъул тІадегІанаб школа.

1966 соналъул февралалда МРО «Сельхозтехника» гІуцІиялъе нухмалъулевлъун вукІарав ПабдулгІазиз районалъул росдал магІишаталъул Управлениялъул начальниклъун тІамуна. Байбихьудасанго гьес живго хІалтІухъабазул тІалаб-агъаз гьабулевлъун ва унго-унгояв нухмалъулевлъун вихьизавуна. Гьелъие нугІлъи гьабула гьадинаб хІужаялъ: дол соназ КПССалъул райком, райисполком, росдал магІишаталъул Управление, ЦСУ гІуцІаби цо минаялъур рукІана.

Дагъистаналъул росдал магІишаталъул министерствоялъул хІалтІухъабигун дандги бан, ветстанциялда аскІоб, 1969 соналъ базе байбихьана управлениялъе мина ва управлениялъул хІалтІухъаби гьенире гочана. Ракь багъарун хадусан гурони, КПССалъул райкомалъулцин жибго бетІергьанаб мина букІинчІо.

ПабдулгІазизица управлениялъе тІалаб гьабуна юк баччулеб автомашинаги. Гьеб хІалтІухъабазул хІажалъаби тІуразе хІалтІизабулаан. МахІачхъалаялдаса рачІарал гьалбаз абулаан, кинаб бугониги, районалда гьечІин жибго управление бетІергьанаб минаян. ПабдулгІазиз МухІамадов бажари бугев гІуцІарухъанлъун вукІана. Гьес управлениялъе нухмалъи гьабурал соназ гІезегІанго цІикІкІана магІишатазда гІезабулеб продукциялъул къадар, тІубалаан гьеб пачалихъалъе бичиялъул планги.

Гьеб ккола ПабдулгІазизица магІишатазе, районалъе, республикаялъул росдал магІишаталъе нухмалъулелгун ргІи данде ккезабиялъул ва хІалтІухъабазе шартІал чІезариялъул хІасиллъун. Управлениялъул специалистазул ПабдулгІазизица кидаго рахъги ккола. РакІалда буго КПССалъул райкомалъул цо данделъиялда кІалъарав жавабияв хІалтІухъанас квешаб рахъалдасан, управлениялъул специалистазул цІарал рехсей. Гьесда хадусан кІалъарав ПабдулгІазизица абуна дун кколин управлениялъул начальник, абизе бокьараб жинде абейин ва специалистазул хІалтІулъ гІунгутІаби тІагІинариялде жив балагьилин.

1976 соналъ ПабдулгІазиз районаздагьоркьосеб *«Сельхозтехника»* гІуцІиялъул начальниклъун тІамуна. Гьелда цеве гьев хІалтІана районалъул батІи-батІиял жавабиял хъулухъазда. Гьев райисполкомалъул председателасул заместительлъунги хІалтІана. Кинал хъулухъазде тІамуниги, ПабдулгІазизица гьеб ракІбацІцІадго тІубазабулаан.

Гьев вукІана гІемерал гІадамал ва гьалбал тІаде рештІунев чи. Гьел гьес кидаго разиго къабул гьарулаан ва нухда регІулаан, гьесул лъади Бика МухІамадовалъги. ХІалтІиялда цадахъ, ПабдулгІазизица районалъул жамгІияб гІумруялъулги жигараб гІахьаллъи гьабулаан. Гьев цо чанго нухалда вищана КПССалъул райкомалъул членлъун, районалъул Советалъул депутатлъун.

Пемерал соназ гьабураб ракІбацІцІадаб хІалтІухъ ПабдулгІазиз мустахІикълъана *«ЗахІматалъул ветеран»* цІаралъе, гІемерал цогидалги юбилеялъулал медалазе, росдал магІишаталъул министерствоялъулрайисполкомалъул ХІурматалъул грамотабазе.

ПабдулгІазизица ва гьесул лъади Бикаца гІезеруна кІиго васги кІиго ясги.

**Ш. ЯНДАЕВ, Дилим росу**

# МацІ гьечІони, миллатги букІунаро

> *Метер магІарул мацІ хвезе батани,*
> *Хваги дун жакъаго, жаниб ракІ кьвагьун.*
> **Р. ХІамзатов**

ТІадехун рехсарал Расул ХІамзатовасул кочІолъа гьел рагІаби лъаларев чи къанагІатги магІарулазда гьоркьов ватиларо, щай абуни, гьел нилъер мацІалъул хІакъалъулъ бицен ккарабщиналъур хІалтІизарулел рукІун. Гьез рахьдал мацІалда хурхарал гІемерал рахъал жанире рачуна. Нилъеда гьоркьор гІезегІанго гІадамал руго гІагараб, эбелалъул рахьгун рекІелъе босараб мацІ тІагІинегІан, жалго гІумруялдаса ратІалъизе рази ругел.

Щай дица гьедин абулеб бугеб? Гьел гІадамазда цІакъго лъикІ бичІчІулеб буго, мацІалда цадахъго, миллатги, гьелъул тарихги, культураги ва цогидабщинабги тІагІине бегьулеб букІин. КигІан гІемер бицунеб, хъвалеб бугониги, гьабсагІаталда бугеб ахІвал-хІал хадубги букІани, нилъер мацІ ва миллат тІубанго тІагІиналъе гІемераб заман хІажалъиларо. Унгоги, нилъги нилъер наслугийищ лъугьине кколел, гІасрабаз умумуз цІунараб рахьдал мацІ тІагІиналъе гІайиб тІад чІолеллъун?

Дида цогиязул хІал лъаларо, амма гьеб кинабго цебе чІезабураб заманалда дир ракІ гьанцІула. Дир пикрабалъ гІемер баккула *«Щай жидерго рахьдал мацІ магІарулазе хирияб гьечІеб»*,-ан абураб суал. Гьелъие гІайибаблъун, тІоцебесеб иргаялда, дица чІахІияб гІел рикІкІуна. Гьелъ цІикІкІараб кІвар гьелде кьолеб букІарабани, гІолеб гІелалъги гьеб рехун тезе букІинчІо. Школалдаса байбихьун, магІарулазул киналниги данделъабазда, дандчІваязда ва гьел гурел цогидал тадбиразда гІурус мацІалъ кІалъала, магІарул мацІалда кІалъалезги гІемерал гІурус рагІаби хІалтІизарула.

Дун гІурус мацІ лъазабиялде ва гьеб бициналде данде чІарав чи гуро, амма кколелъубги ккоарелъубги гьеб бицунезда тІад рекъон чІезеги дир ракІалъ къабул гьабуларо. Умумузул *«Тушманасулги мацІ лъараб лъикІаб буго»*,- ян аби буго. Гьай-гьай, хІаракат бахъизе ккола чияр мацІал лъазаризе, амма жидерго мацІги рехун тун гуреб!

Цогидал мацІаздаса къадру гІодобегІанаблъунищ нилъер мацІ кколеб? ГьечІелищ гьелъулъ берцинлъи, чалухаб чвахи, гІатІилъи, хІеренлъи ва гьел гурел цогидалги мацІалъе хаслъи кьолел гІаламатал? Росе цересел ва гьанжесел нилъер хъвадарухъабигун шагІирзаби. Лъида абизе кІолеб ХъахІаб росулъа МахІмудил рокьул кучІдузда ращадал кучІдул, магІнаялъулги рагІабазул рекъеялъул рахъалъги, гІемерал ругин?! Гьесул кучІдузе таржама гьабизе лъугьаниги, гьеб гІемеразда бажаричІо, щай абуни, гьесул пасихІал жугьаби хисулел рагІаби таржамачагІазул мацІалда рукІинчІоро!

Цоги, лъималазул ахаздасан байбихьун ва школа лъугІизегІан, киналниги гьарулел тадбиразда, кьолел дарсазда ва рукъор гІурус мацІалъ кІалъалел ругони, лъазе бугищ гІолеб гІелалда рахьдал мацІ?! Гьай-гьай, гьечІо!

Узухъда, дица абиларо нилъерго мацІалде киса-кибего кІвар кьолеб гьечІин. Мисалалъе, нилъер районалда гІезегІанаб хІалтІи гьабулеб буго магІарул мацІ цІуниялда тІад. Гьанир тІоритІула рахьдал мацІалда хурхарал къоял, анкьал, конкурсал ва гІемерал цогидалги тадбирал, гьедин гьабулеб бугониги, гІемерисел ва гІемерисеб заманалда, цоцазде гІурус мацІалъ кІалъалел рукІуна.

РакІалдаса унаро гьадинаб лъугьа- бахьин. Цо къоялъ школалдаса рукъоре унел ругоан 3-5 классазда цІалулел ругел гІадинал ясал ва гьел цоцазде гІурус мацІалъ кІалъалел рукІана. Гьезда аскІосан къотІулев цо кІудияв чияс гьезда абуна: *« Ясал, нуж щай нужерго мацІалда кІалъаларел»*,-ан. Гьез абуна: « Ле, нижеда магІарул мацІалда кІалъазе лъаларо»,-ян. Цого гьелъ бицунарищ нилъер мацІ тІагІиналда хІинкъи бугеб лъи?! Пемерал гІадамал руго ниж магІарулал кколаян абулел, амма гьезда я мацІ, я магІарул гІадатал лъаларо. Гьел кинал магІарулал рукІунел?

Кьокъ гьабун абуни, нилъер мацІалдагун миллаталда сверухъ ахир гьечІеб хабар гьабизе бегьула. Гьеб гуреб нилъер мурадлъун букІине кколеб. Мурадлъун букІине ккола мацІгун миллат цІуниялъе щиб дица гьабулеб бугебан щивав магІаруласул рекІелъ букІин ва гьелда тІад хІалтІи гьаби, гурони, кинал тадбирал рахьдал мацІ бокьулез тІоритІаниги, гьез хІасил кьезе букІиналда щакълъи буго.

Аллагьас лъикІаб хъван батаги.

**М. ДАВУДХІАЖИЕВ, ЕИЦалъул корреспондент**

## Мавлидазул моцI кIодо гьабуна...

Нилъеда лъала рабигIул аввал моцI жинда жанив хирияв МухIаммад авараг (с.гI.с.) гьавураблъун кколеблъи ва, гьелда хурхун, батIи-батIиял диниял тадбирал (Аварагасул гIумруялъул, гьесул суннатазул биценал, мавлидал ва цогидалги лъикIал ишал) тIоритIулеблъи. Нилъер районалъул мажгитазда, цо-цо гIуцIабазда мавлидал ва садакъаби гьаруна.




Рохизе ккараб ишлъун ккола гьединал тадбирал Россиялъул бакI-бакIазда тIоритIиялъулъ нилъер гIолохъабаз жигараб гIахьаллъи гьабулеб букIиналдасаги. Гьедин, Москваялда, Санкт-Петербургалда тIоритIарал мавлидазда гIахьаллъана РДялъул муфтиясул тIоцевесев заместитель ГIабдула Аджимоллаев, нилъер районалдаса диниял церехъабигун вакилзаби, районалъул бетIерасул гIакълу дандбалев Ильяс Шарабдинов ва гьел шагьаразда ругел Казбек районалъул гIолилал.

Гьел тадбиразда, районалъул администрациялъул рахъалдасан, нилъер гIолилазул вакилзабазе ( ГIабдула МухIамадрасулов, Москва ва МахIач Палижанов, Санкт-Петербург) И. Шарабдиновас Баркалаялъул кагътал кьуна.

**НИЖЕР МУХБИР**

*Пайдаял малъа-хъваял*

## РуцIцIунчIей – месед!

Исламалда, хасго тIарикъаталда, гIемер кIалъай какун буго, гьелъ мунагьал гьариялде цIалелъул. Исламалъул тIалабал тIуразарулев муъминчиясул мунагьазул цIикIкIарасел рукIуна мацIалда хурхарал. Гьединлъидалин калам дагь гьаби гьедин беццун буго.

Расулуллагьас абун буго: *«РуцIцIунчIей гIакълиллъи буго, амма гьеб хIалтIизабулел гIемер гьечIо»*, - ян. (Ибн ГIумар). Гьес МугIаз бин Джабалида (р.гI.) абун буго: *«МацI сабаблъун гурищ гIадамал битIахъе кIалагъоркье цIадаре рехулел?»* - ан.

Абубакар-асхIабас (р.гI.) кIалдиб чIимих кколеб букIун буго, жинхъаго хIажат гьечIеб калам инаредухъ.

Ибну МасгIудица (р.гI.) абун буго: *«МацIалдаса туснахъалъуб букIине рекъараб жо гьечIо»*,-ян.

Расулуллагьас бицана: «МигIражалде араб мехалъ, дида рихьана малъаз жидерго гьурмал хачалел гIадамал. Дица Жибриласда гьел щалилан цIехана. Гьес жаваб кьуна: *«Гьел руго жидеца цогидаздасан гьибат гьабурал гIадамал»*, - ан. Цо-цояз абула жидеца щибго ургьулеб гьечIин, бугеб хIалалъ бицунеб бугилан.

Гьебха кколеб гьибат – чиясда нахъасан гьесие бокьулареб калам гьаби.

## Ккал инабизе

Рокъоб жаниб тIибитIараб ккал, грибок тIубан тIагIинабизе цIакъ захIматаб жо буго. Гьелъ рукъ-бакI сурукълъизаби гуребги, черхалъе заралги гьабула. Гьединлъидал рокъоб чIегIераб ккал хурхарав чияс гьеб тIагIинабизе кIвараб жигар бахъизе ккола.

1. Гьеб мурадалда хIисабалде росизе рихьизарураздасан бищун гIадатияб буго фурацилин. Фурацилиналъул 1таблетка лъел 5 литралда гъорлъ бильина ва гьелъ къадал чурила. Ккал цIакъго гъорлъе ккараб бугони, 1 литралде гъорлъе1таблетка рехун чуризеги бегьула.

2. Ккал хурхарал бакIазде 9%- лъулаб къанцIа речIчIизабила,сагIаталъ тела, цинги лъеца чурила. Гьеб заманалда гордал-нуцIби рагьун тела.

3. Хлор гъорлъ бугеб отбеливателалъги грибок чIвалилан буго. ХIадурила отбеливателалъул 1 бутIаялде гъорлъе 10 бутIа лъелги жубан. Ккалараб бакIалда бахина, сагIаталъ тела, цинги лъеца чурила. Амма гьелъ бахараб бакIалъул кьер инабизе бегьула.

Квердаххелалги ххезе кIочонге.

Гьединго мухIкан гьабизе ккола ккал тIибитIиялъе гIилла.

**Исламияб календаралдаса босараб**

## ОМВД ИНФОРМИРУЕТ...

*Сотрудники полиции МВД проводят проверочные мероприятия по выводу канализаций и выброса бытовых отходов в русло рек на территории района*

На территории Республики Дагестан продолжают иметь место массовые нарушения порядка утилизации бытовых отходов, допускаются канализационные сливы как хозяевами частных домовладений, так и объектами предпринимательской деятельности (магазины, банкетные залы, кафе, автомастерские, автомойки, иные объекты) в русла рек и каналов, откуда осуществляется забор воды для хозяйственных и пищевых нужд населения. Слив отработанной технической воды с данных объектов также приводит к загрязнению почвы и наносит существенный экологический урон. При этом предусмотренные нормативными актами меры по очистке воды не осуществляются. Данные факторы приводят к загрязнению пресных вод, что приводит к случаям массового отравления граждан опасными кишечными инфекциями. Такой факт ранее имел место в с. Ленинаул Казбековского района и в других населенных пунктах.

Данные факты свидетельствуют о необходимости постоянного отслеживания складывающейся обстановки и своевременного информирования органов местного самоуправления и надзорных органов для предотвращения загрязнения окружающей среды сточными водами и принятия неотложных мер реагирования.

Для сведения сообщаем, что вывод канализаций в неположенное место, в том числе в русло рек, и нарушение правил перевозки и утилизации бытовых отходов, образует состав административного правонарушения предусмотренное статьей 8.2 и 8.13 КоАП РФ **(Несоблюдение требований в области охраны окружающей среды при обращении с отходами производства и потреблен**ия), санкцией которого предусмотрено наложение административного штрафа на граждан от 1000 до 2000 руб., на должностных лиц от 10 000р. до 30 000р., на индивидуальных предпринимателей от 30 000р. до 50 000р. с приостановлением деятельности до 90 суток, на юридических лиц от 100 000р. до 200 000р. с приостановлением деятельности на срок до 90 суток.

В связи с вышеизложенным и в целях своевременного предупреждения правонарушений, связанных с утилизациями бытовых отходов и выводами канализаций, просим Вас не допускать нарушение правил содержания внутриквартальных территорий, в том числе, правила утилизации бытовых отходов.

*Дандерижи*

## Унтилелде къачIони...

Умумузул **«Унтилелде къай бетIер»**,-ан аби буго. Гьеб гIадада абулеблъун кколареблъи бихьизабулеб буго, СССРги биххун, демократияб пачалихъ гIуцIиялдаса байбихьун, нилъер улкаялда раккарал, доб заманалда нилъеда гьоркьор рукIинчIел ва нилъеца тамашалъи гьабулел рукIарал квешал пишаби. Гьезда гьоркьор рехсечIого бегьиларо цоцаздехунисеб бербалагьи чучлъи, терроризм, экстремизм, наркомания, чIвай-хъвеялъул хIужаби цIикIкIин.

КигIан гьезул хIакъалъулъ бицунеб ва хъвалеб бугониги, гьел дагьлъулел гьечIо, гьелъул гIаксалда, ц1икIкIунел руго. РакIчIун абизе кIола, пачалихъалъул даражаялда ва закон къвакIизабиялдалъун, гьезе даражаялде унго – унгояб «рагъ» гьабулеб гьечIони, лъикIаб рахъалде, кинаб, букIаниги хиса-баси ккезе гьечIилан.

Кин гьедин абилареб, нилъер гIадамазда гьоркьорги рехсарал квешал пишаби цIикIкIунел ругелъул! Россиялъул цIалул заведениябазда ва цогидал бакIазда гъоркълъалие гIадамал росиялъул, гьел чIвай-хъвеялъул хIужаби раккараб заманалда нилъер цо-цо гIадамаз абулеб букIана гьединал ишал гьаризе кин кIолебан. Амма МахIачхъалаялъул цо школалда цIалдохъанас гьабураб такъсир бихьидал, баянлъана чIвай-хъвеялъул «унти» нилъер ракьалдеги щун букIин.

Гьай-гьай, кколеб даражаялде квешал пишабазде данде къеркьей цIикIкIинабичIони, хадусанги гьел, такрарлъиларин лъида абизе кIолеб?

ТIадехун рехсараб такъсиралда хурхун, гIезегIанал макъалаби рахъана республикаялъул газетазда, гьелъул хIакъалъулъ телевидениялдасанги бицана, амма, кигIан хъваниги ва бицаниги, гьелъ хIасил кьезе букIиналда щаклъизе бачIуна. "РакIунтун гIодани, беццаб бадисаги магIу чвахула",-ян абула.

РакIунтун ва цадахъ лъугьун, эбел - инсуца, гьеб жидеде кколел идарабаз ва тIубарал жамагIатаз «кодоре» гьел суалал росичIони, гьезул хIакъалъулъ даим бицунелги хъвалелги рукIине руго. Дун школалде хIалтIизе вачIараб заманалдаги лъималазул кодор рукIунаан нусал, жидеца гьарурал тунчул(пугач) ва гь.ц. ярагъ. Гьединго, гьезда гьоркьор тамахьо бухIулелги рукIана. Дица цIалдохъабазда гьоркьоб гIемераб бичIчIенкьеялъул хIалтIи гьабуна ва, соналъул ахиралде гIезегIанго, квешал пишабазде ругьунлъаразул къадар дагьлъана.

Дирго хIалбихьиязул хIакъалъулъ дица бицана ва хъвана, амма гьелде кIвар кьолел рахъинчIо. Гьелъул хIакъалъулъ дица бицен гьабидал, цо балугълъиялде рахинчIел гIолилазда гьоркьоб хIалтIи гьабизе тIадав инспекторас дида абуна дурго доба гьеб хIалтIи гьабулев вукIаян.

ЦIакъ бокьилаан нилъер Казбек районалда квешал пишабазде данде къеркьеялъе тIоритIулел тадбиразда гIахьаллъизе.

Дир тел. **8928 803 34 48.**

**М.-р.МУХIАМАДРАСУЛОВ, станция Къарланюрт**

**БетIерав редактор:** И.Б.Салимханов 55-48-94
**Заместитель:** Д.ХI. ГIабдулахIитова
**Жавабияв секретарь:** М.-Ш.Э. ГIабдулашимов

**Мухбирзаби:** Н. Р. Идрисов, Д. К. Батиева, А. А. Дибирова
**Набор:** М. М. ХIайбаева
**Верстка:** М. А. АтавхIажиева, З. К. ГIабдулмуслимова

**Газета бахъизе байбихьана 1933 соналъул 15 апрелалда**

Типографиялъул адрес: 367032, РД МахIачхъала шагьар Насрудиновасул къватI №61

**Газета хIадур гьабуна редакциялъул компьютералъул цехалда.**
Графикалда рекъон, печаталде кьураб заман 16.00
ХIакъикъаталда печаталде кьураб заман 16.00

**Учредитель:** администрация МР "Казбековский район"
Редакциялъул (издательствоялъул) адрес: РД, Казбек район, Дилим росу, 368140,
**Индекс:** 51354 Тираж - 1205, багьа - эркенаб

**Газета зарегистрирована в Управлении Роскомнадзора по РД 19.05.2014 г. серия ПИ № ТУ 0500290**

**Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола**